



Kijan teleterapi fonksyone?

- Teleterapi itilize teknoloji, tankou òdinatè pòtab, tablèt, ak telefòn entelijan pou konekte terapis yo ak fanmi yo. Sesyon yo ap "difize an dirèk sou entènèt," lè l sèvi avèk Wi-Fi oswa done telefòn.
- Terapis ou a ap voye yon lyen an sekirite ba ou pa imèl sou aparèy ou an. Lè ou klike sou lyen an, ou ap konekte ak terapis la.
- Terapis ou a ka pwograme yon sesyon pratik anvan pou asire ou ka konekte san pwoblèm.
- Frekans teleterapi a ap depan de bezwen endividyèl pitit ou a.
- Pafwa ou ka chwazi fè tou de sesyon teleterapi ak sesyon an pèsòn, sa depan de preferans ou ak kote terapis ou a ye a.

Teleterapi nan Pwogram NC pou Tibebe ak Timoun piti (NC. ITP)

Kisa teleterapi ye?

- Teleterapi se lè w ap fè terapi "vityèl" lè w sèvi ak yon telefòn, yon laptop, oubyen yon tablèt, lè terapis la nan yon lòt kote pase fanmi an.
- Teleterapi a pral adrese rezilta fanmi an idantifye nan Plan Sèvis Fanmi Endividyalye a (IFSP).


Ki jan yon fanmi kòmanse?

- Si fanmi an ak ekip IFSP a deside ke pitit ou a ta benefisye de terapi, Kowòdinatè Sèvis Entèkansyon Bonè a ap ofri sèvis teleterapi kòm yon opsyon.
- Ou ka bezwen tcheke avèk asirans ou pou wè si teleterapi a se yon sèvis ki kouvri.

Èske teleterapi prive epi an sekirite?

- Wi. Founisè teleterapi yo swiv menm règleman konfidansyalite ak moun k ap bay sèvis fas-a-fas yo.
- Ajans Sèvis Devlopman Timoun yo (CDSA) asire ke enfòmasyon sou sante fanmi an rete an sekirite.

Pi bonè ou konnen, se pi byen y ap grandi!



NC DEPARTMENT OF
HEALTH AND HUMAN SERVICES
Division of Child and Family Well-Being
NC Infant-Toddler Program (NC ITP)



Èske teleterapi bon pou pitit ou ak fanmi ou?

Pwogram pou Tibebe ak Timoun piti nan NC

- ☐ Èske ou gen yon koneksyon entènèt serye oubyen yon bon koneksyon telefòn ak done san limit?
- ☐ Èske ou gen yon tablèt oswa yon laptop? Sesyon yo pi fasil ak yon ekran ki pi gwo, men ou ka itilize yon telefòn entelijan tou.
- ☐ Èske ou gen yon kont imel pou terapis la ka voye yon lyen pou sesyon an ba ou?
- ☐ Èske ou santi ou alèz pou itilize aparèy ou an (laptop, tablèt oswa telefòn entelijan)?



Teleterapi se pou timoun nan AK paran an.


- Timoun piti yo *pa* oblije chita toujou ap gade ekran an.
- Olye de sa, w ap jwe epi kominike avèk pitit ou a, pandan terapis la ap antrene w sou kijan pou w itilize estrateji pou amelyore konpetans pitit ou a.
- Teleterapi a ap itilize materyèl ou deja genyen lakay ou. Pa gen ekipman espesyal ki nesesè.
- Teleterapi a ap konsantre sou ede pitit ou a aprann pandan woutin chak jou li yo tankou lè repa, lè jwe, lè pou monte nan machin nan, oswa menm lè pou benyen.
- Paran ak manm fanmi lakay yo kominike pi souvan ak pitit yo epi se pwofesè ki pi enpòtan yo!

Poukisa mwen ta chwazi teleterapi?

- Teleterapi pèmèt ou resevwa sèvis nan zòn kote pa gen terapis disponib.
- Teleterapi pèmèt ou jwenn aksè nan terapey ki gen ekspètiz espesyal ki kapab pa disponib nan zòn kote w ap viv la.
- Anpil paran twouve teleterapi pratik.
- Teleterapi mache byen pou timoun ki timid oswa ki gen enkyetid devan etranje.

Kijan yon sesyon teleterapi fonksyone?

1. Ou menm ak terapis la pral diskite sou sa ki te pase depi dènye sesyon terapi a epi deside sou kisa n ap travay jodi a.
2. Terapis la ap sijere aktivite ak estrateji pou eseye ak pitit ou a epi apre sa n ap obsève ou menm ak pitit ou a nan yon aktivite.
3. Terapis la ap ba ou fidbak ak sijesyon.
4. Nou pral diskite sou sa ki te mache byen jodi a, epi sa nou pral pratike lakay nou anvan pwochen sesyon an.



NC DEPARTMENT OF
**HEALTH AND
HUMAN SERVICES**

Division of Child and Family Well-Being
NC Infant-Toddler Program (NC ITP)

Kòmantè paran yo sou teleterapi



- * *Mwen renmen fasilite teleterapi a! Pitit fi mwen an gen enkyetid sosyal, kidonk sa ede l anpil. Li ka angaje l nan pwòp limit li epi ale. Si se pa t pou teleterapi, nou petèt pa t ap kapab resevwa sèvis yo.*
- * *Teleterapi pèmèt pitit mwen an jwenn èd li te bezwen an, epi li vrèman devlope. Li fè anpil amelyorasyon depi li enskri nan pwogram nan!*
- * *Mwen prefere teleterapi pou plizyè rezon, epi li pi byen anfòm nan orè mwen an.*
- * *Pitit mwen an trè alèz ak teleterapi. Li alèz nan pwòp anviwònman li epi li te kreye yon lyen ak terapès li a distans.*
- * *Mwen te renmen konsèy pratik yo nan aktivite nòmal yo. Anpil bagay mwen pa t menm panse travay sou yo te itil mwen!*
- * *Eseye estrateji an tan reyèl avèk teleterapi se rezon ki fè nou te fè pwogrè.*
- * *Mwen te renmen fleksibilite orè a ak jou ak lè yo.*
- * *Tele-terapis mwen an te gen anpil konesans epi li eksplike bagay yo nan yon fason nou konprann epi itilize chak jou ak pitit gason nou an.*
- * *Mwen te renmen kapab eseye woutin ak aktivite yo an tan reyèl, avèk fidbak.*
- * *Fasilite pou itilize teleterapi a se pi renmen m! Tele-terapis la ap voye yon lyen ban mwen pa imèl. Apre sa, mwen klike sou lyen an epi nou wè li, epi li ka wè nou!*



**Pi bonè ou konnen,
se pi byen y ap
grandi!**

